



*Nan zafè laverite ak  
lajistis, pa gen diferans  
ant gwo pwoblèm ak ti  
pwoblèm, paske tout  
pwoblèm ki gen pou wè ak  
tretman moun se menm.*

Albert Einstein

Pou kesyon, oswa plis enfòmasyon, tanpri kontakte:

Kowòdonatè Tribinal Kominotè a  
CommunityCourt@delaware.gov  
302-255-2474

Sant Resous Kominotè  
Leonard L. Williams Justice Center  
2<sup>yèm</sup> Etaj - Anfas Biwo Avoka Piblik la  
500 North King Street  
Wilmington, DE 19801

Lendi - Jedi: 9:30 AM - 1:30 PM  
Vandredi: 10:30 AM - 4:30 PM

# Tribinal Kominotè Wilmington

N ap favorize jistis reparatris  
epi mete kominote a an  
kontak ak resous





## Kisa yo rele yon Tribinal Kominotè?

Tribinal kominotè yo mete patisipan yo an kontak ak sèvis kominotè ak sèvis sosyal kòm lòt opsyon apa prizon ak amann. Tribinal sa yo ki konsantre sou katye gen yon apwòch reparatris pa rapò ak lajistis, y ap eksplwate pouvwa sistèm lajistis la pou okipe pwoblèm lokal yo. Tribinal kominotè kapab pran plizyè fòm men yo tout konsantre sou tèt ansanm kreyatif ant manm kominote a ak solisyon pwoblèm.

## Kiyès ki kalifye?

Ou gen dwa kalifye pou tribinal kominotè si:

- Yo akize w pou enfraksyon kalifye ki annapre a nan Konte New Castle: dega sou byen moun ekspres, vyolasyon pwopriyete, dezòd piblik, grafiti, valkanday, ti kantite dwòg, pwostitisyon, sou an piblik, oswa vòlè nan magazen.
- Ou dakò renonse a dwa w pou pwosè w fèt san pèdi tan.
- Ou dakò fè yon evalyasyon epi suiv rekòmandasyon yo.

Ou gen dwa pa kalifye si dosye w la oswa antesedan kriminel ou gen ladan:

- Enfraksyon Vyolan
- Vyolans Familyal
- Enfraksyon Seksyèl
- Vyolasyon Pwobasyon

Se Tribinal la k ap decide si w kalifye.

## Kisa Sant Resous Kominotè a (CRC) ye?

Sant Resous Kominotè a ap travay nan tèt ansanm ak Tribinal Kominotè Wilmington nan pou mete moun ki annafè ak lajistis ak manm nan kominote a an kontak avèk resous lokal yo. CRC a chita nan 2yèm etaj Leonard L. Williams Justice Center epi li ouvè chak jou depi nan lendi rive nan vandredi.

Kisa kèk nan lòt opsyon yo ofri yo ye?

- Sèvis Kominotè
- Seyans Tretman
- Randevou Medikal
- Kou Pedagojik
- Lòt Sèvis Sosyal

## Kiyès ki kapab ale nan Sant Resous Kominotè a (CRC)?

- Tout moun ki ta renmen yo ede yo pran kontak ak resous.
- Moun ki annafè ak lajistis ki dakò patisipe nan pwogram Tribinal Kominotè Wilmington nan.

## Kijan mwen kapab patisipe nan Tribinal Kominotè a?

Si w gen yon dosye ki pral nan tribinal epi w gen avoka, mande si Tribinal Kominotè a gen dwa yon bon opsyon pou ou. Si avoka w la konseye w fè sa, rele Sant Resous Kominotè a pou pran randevou pou yon evalyasyon epi pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pwogram nan.

Si w ap reprezante tèt ou epi w kwè ou gen dwa kalifye pou Tribinal Kominotè a, tanpri kontakte Sant Resous Kominotè a pou wè si Tribinal Kominotè a gen dwa yon opsyon pou ou.

Pandan w nan CRC a, y ap fè yon evalyasyon pou decide ki lòt santans ki apwopriye. Avoka w la (si w genyen), ou menm, yon avoka gouvènman ak Jij la ap egzaminen lòt santans sa a. Si tout moun dakò, ou gen dwa kòmanse lòt santans ou a.

Y ap bay patisipan yo nan pwogram Tribinal Kominotè a yon Manyèl Patisipan k ap bay tout detay ak kondisyon pwogram nan.

Si w reyisi pwogram nan y ap abandone pousuit dosye w la oswa (nan ka ra) y ap redui l a yon enfraksyon mwen grav.

Y ap voye moun ki kalifye pou sipresyon dosye yo devan yon antite ki apwopriye.



